


Byomakè yo se jèn, pwoteyin, oswa lòt sibstans ki parèt sou sèten tès epi ki bay doktè yo plis enfòmasyon sou kansè yon moun. Menmsi de moun gen menm kalite kansè, selil kansè yo ka pa egzakteman menm. Chak kansè gen sèten patikilarite ki afekte fason li grandi ak fason kansè a pral reponn nan tretman.



Kijan doktè itilize byomakè yo pou moun ki gen kansè?

Byomakè yo kapab fè doktè yo konnen anpil enfòmasyon sou yon kansè. Rezilta tès yo ta ka montre:

- Ki pi bon tretman ki ta aplike pou kansè moun nan
- Si yon kansè gen plis chans pou grandi ak simaye
- Si yon tretman ap travay
- Si kansè a retounen



Kijan doktè fè tès byomakè yo?

Pifò tès byomakè yo fèt sou selil kansè yo oswa sou san moun nan. Sa vle di doktè ou pral bezwen pran kèk echantiyon nan selil kansè ou oswa san ou.

- Pou yon timè solid (tankou kansè tete, kansè poumon, kansè kolon, oswa kansè pwostat, doktè a pran echantiyon yo souvan pandan yon byopsi oswa operasyon. Si yon echantiyon timè difisil pou doktè a jwenn, li ta ka itilize yon echantiyon san pito.
- Pou kansè san yo (tankou yon lesemi oswa lenfòm), doktè a kapab pran echantiyon yo nan san an oswa nan mwèl zo a.
- Pou kèk kansè, doktè a kapab pran echantiyon yo nan fliyd kò moun nan tankou pipi).

Doktè a pral voye echantiyon ou nan yon laboratwa kote yo pral teste yo pou byomakè.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou byomakè kansè ak kijan yo itilize yo vizite cancer.org/biomarkertests oswa rele nou nan **1-800-227-2345**.
Nou la lè ou bezwen nou.



Èske mwen ta dwe fè tès byomakè yo?

Gen anpil kalite byomakè, epi yo kontinye ap jwenn plis yo ka teste kèk kalite kansè, tankou kansè poumon, kansè tete, ak kansè kolon pou chèche byomakè.

Pou kèk kalite kansè, tès byomakè yo ta ka poko itil. Kontakte ekip swen kansè ou konsènan si doktè a kapab fè tès byomakè yo pou kalite kansè ou a.



Ki kesyon mwen ta dwe poze konsènan byomakè yo?

Pale avèk ekip swen kansè ou konsènan si ou ta dwe fè tès byomakè yo. Ou ta ka vle poze kesyon:

- Èske doktè a kapab teste kansè mwen pou chèche byomakè? Poukisa oswa poukisa non?
- Ki kote mwen kapab fè tès la?
- Konbyen lajan mwen pral gen pou peye pou mwen fè tès byomakè yo?
- Èske asirans mwen pral peye pou tès byomakè yo?
- Si kansè mween gen byomakè, kisa sa ap vle di pou tretman mwen?
- Si kansè mwen gen yon byomakè, kisa sa ap vle di pou lòt moun yo nan fanmi mwen?